

**Lapèrèz ki rete aprè zak ansasinay jounalis jounal ki soti chak jou-a, *Le matin* jou ki te 14 jiyèt 2005 lan nan lakou Pòtopwens, vin mete yon gwo dout nan tèt jounalis ayisyen yo nan lespwa yo te genyen apre depa Jean Bertrand Aristide. Mènm si atache ansyen prezidan kanson fè-a toujou gen zam e gouvènman pou tikal tan Boniface Latortue nan pat rive fini ak zafè enpinite-a.**

Èske peyi dayiti ap janm estab, epi jouk kilè lap gen lapè ? Apre Aristide te fin Kraze rak nan mwa fevrye 2004, la bilan gouvènman pou ti bout tan-an pat ankourajan ditou : te toujou gen koripsyon, enpinite ak ensekirite-a ki moute piwo ke MINUSTAH pa rive kontwole. Nou gen 2 chif ki moutre sityasyon dezòd sa-a. Soti nan me pou rive nan mwa oktòb 2005, 6 milyon dola vèt te bay pou lage moun ke bandi yo te kidnape, plis pase 200.000 zam ilegal kap sikile nan peyi-a. pi fò ka kidnaping yo se patizan Aristide yo ki fè-yo yo gen kontwòl plizyè katye nan pòtopwens, yon sityasyon kote lapwès se youn nan victim-yo tou.

Jou ki te 20 mas 2005-lan nan tigwav **Laraque Robenson** jen-n jounalis radyo tele kontak te pèdi lavil pandan te gen tire ant MINUSTAH ak ansyen militè. Jou kite 11 jen 2005 lan **Richard Widmaier**, direktè radyo métropole te chape poul-li lè san manman ak zam tap eseye kidnape-l, epi 5 jou aprè **Nancy Roc**, ki konn prezante emisyon(metropolis) pou radyo métropole, te kite peyi-a brid sou kou apre-l te finn resevwa menas nan telefòn pandan lis pase yon semèn pou yo kidnape-l .Siklòn kidnaping nan fè yon viktim nan fanmi laprès-la tou. **Jacques Roche**, ekriyen ak chèf sèvis kiltirèl jounal ki soti chak jou-a (*Le matin*). Yo te kidnape-l jou ki te 12 jiyèt-a nan lakou pòtopwens, yo te jwenn kadav li nan mitan lari apre yo te fin masakre-l.

Yo te fè zak kriminel sa-a lè yo te fin aprann Jacques Roche te konn anime yon emisyon pou goup 184-la ki te nan opozisyon ak Jean Bertrand Aristide.

Si ankèt sou lanmò Jacques Roche-la te mache vit se pa menm bagay ditou pou **Jean Dominique** radyo Haïti-Inter nan lane 2000 ak Brignol Lindor, radyo Echo 2000 nan lane 2001. Malgre pwomès gouvènman enterimè-a te fè bay Repòtè Sanfontyè lè yo te vizite Ayiti nan lane 2004-la, enpinite-a rete menmjan nan 2 dosye sa-a yo timari pa moute timari pa desann.

Apre 2 lane yo nonmen yon nouvo jij yo pa menm bal mwayen pou l'trete zafè Jean Dominique jou ki te 3 avril 2005, 5 lane jou pou jou aprè zak ansasinay sa-a. Saki pimal-la 3 moun ki te nan prizon poutèt yo te sispèk yo nan lanmò sa-a yo pa ganm enkyete.

Pou sa ki konsène **Brignol Lindor**, dosye sa-a toujou nan tiwa nan lakou kasasyon depi jou kite 21 avril 2003. Yon sèl nan ansasen sa-a yo ke moun nan Miragwann te arete e bay lapolis men se nan yon lòt afè.